



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN POU YO TRANSFÒME REZO KOURAN ELEKTRIK PÒTORIKO A POU L KA REZISTE TANPÈT ALAVNI AK ITILIZE TEKNOLOJI REZO MODÈN YO**

***Gwoup k ap Travay sou Rezistans Enèji Pòtoriko a te Bay Rekòmandasyon pou Restore Pòtoriko epi Reyalize Plan Rekonstwi Meyè a - ki Disponib [Isit la](#)***

***Nouvo Sistèm Elektrik la pral Eksplwate Resous Renouvlab epi Redwi Depandans sou Konbistib Fosil yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Ricardo Rosselló te anonse yon plan pou rekonstwi ak transfòme sistèm kouran elektrik Pòtoriko a, Ouragan Maria te sevèman andomaje an Septanm lan. Sistèm yo anvizyone a pral pi rezistan, pi efikas, ak pi avanse, epi mwens depanndan sou konbistib fosil yo enpòte k ap koute Pòtoriko plis pase 2 milya dola chak ane yo.

“Nan evènman apre Gwo Tanpèt Sandy a nan New York, yon te imedyatman mete yon plan sou pye pou ranfòse ak amelyore rezo elektrik la pou asire tanpèt yo pa fè dega sa yo nan kominote nou yo alavni - epi kounye a li lè pou nou reyalize yon plan similè pou asire modènizasyon sa yo fèt nan Pòtoriko tou”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou bezwen ajì kounye a pou nou transfòme rezo elektrik zile a epi bay pèp Pòtoriko a yon sistèm elektrik modèn ki fyab.”

“Pandan n ap kontinye reponn a defi rekonstriksyon Pòtoriko a yo ak retablisman kouran pou rezidan toupatou atravè zile a yo, Gouvènè Cuomo ak pèp New York la ap pran responsabilite yon lòt fwa ankò pou yo ofri sipò inebranlab atravè pwosesis retablisman difisil sa a”, **Gouvènè Rosselló te deklare.** “Mwen aplodi aksyon Gwoup k ap Travay sou Rezistans Enèji Pòtoriko a paske yo devlope plan sa a ak kreye yon fondasyon enpòtan anpil pou rekonstwi ak reyimajine sistèm kouran elektrik Pòtoriko a.”

Gwoup k ap Travay sou Rezistans Enèji Pòtoriko a (Puerto Rico Energy Resiliency Working Group) te kreye plan an, Gouvènè Cuomo te tabli Gwoup la pou ede zile a fè planifikasyon rekonstriksyon l yo. Li mande pou yo konsevwa nouvo sistèm kouran elektrik zile a nan yon fason pou l gen rezistans pou l sipòte tanpèt alavni yo epi pou yo konstwi l avèk teknoloji ak sistèm kontwòl rezo modèn yo. Nouvo sistèm lan pral ogmante kapasite pou l jenere enèji renouvlab tankou, van ak solèy; l ap enkòpore

nouvo teknoloji k ap distribiye resous enèji yo, tankou estokaj enèji ak mikwogrid; I ap redwi depandans sou konbistib fosil yo; epi I ap pèmèt enèji vin disponib anpil, abòdab, ak dirab pou pèp Pòtoriko a.

Rekòmandasyon rekonstriksyon Gwoup travay la fè yo baze sou eksperyans yo te fè nan reyalizasyon, retablisman, rekonstriksyon ak ranfòsman sistèm kouran apre ouragan ki te pase sou tèritwa prensipal Etazini an yo pandan deseni ki sot pase la. Rekòmandasyon yo gen ladan itilizasyon teknoloji modèn ak enkòporasyon leson yo te aprann nan efò rekonstriksyon reyisi nan lòt rejyon aprè katastwòf natirèl yo, tankou Gwo Tanpèt Sandy a nan New York. Anplis de sa a, rekòmandasyon plan an yo an liy ak rekòmandasyon Depatman Enèji Etazini an bay pou ranfòsman ak rezistans sistèm elektrik yo.

Pou yo swiv vitès van yo te obzève nan Ouragan Maria, nouvo sistèm Otorite Elektrik Pòtoriko a bezwen ka sipòte yon tanpèt Kategori 4, ki pwodwi van nan vitès 250 kilomèt alè ak gwo inondasyon. Plan mande tou pou yo modènize rezo elektrik Pòtoriko a, sa k ap rantabilize teknoloji sistèm elektrik yo pou yo ka pi byen jere pàn kouran yo, redwi tan I pran pou yo retabli kouran, redwi depans operasyon yo epi pèmèt yo gen resous enèji ki pi dirab.

Yo te antreprann devlopman plan sa a an paralèl ak sipò restorasyon ak evalyasyon apre ouragan Eta New York la ap bay Pòtoriko a ki te kòmanse an septanm lan. Aktyèlman la, gen plis pase 450 travayè itilite Eta New York yo ki sou tèren an nan Pòtoriko, k ap travay avèk dilijans pou yo repare rezo elektrik zile a.

Resous ak pèsònèl New York gen Pòtoriko aktyèlman la yo te rive nan novanm lan apre de deplwaman espesyalis teknik Otorite Elektrik New York la te fè avan pou al Pòtoriko yo, ke Gouvènè Cuomo te anonse [22 Septanm](#) ak [29 Septanm](#) lan. Imedyatman apre Ouragan Maria te fin pase a, ekip itilite elektrik NYPA yo te antre kò yo anndan PREPA pou ede fè triyaj onivo rezo elektrik la ki gen ladan fè evalyasyon nan vityèlman tout 360 sou-estasyon ki sou zile a yo.

“Aprè Gwo Tanpèt Sandy a, Gouvènè Cuomo te wè ak pwòp je li vrè moman difisil Nouyòkè yo t ap viv san kouran ak chofaj pandan plizyè jou ak menm plizyè semèn alafen”, **Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) Eta New York la, te deklare.** “Gouvènè a te imedyatman mete yon estrateji an aksyon pou yo rekonstwi rezo ansyen an epi ranplase l ak yon rezo modèn nan kad Refòm Vizyon Enèji (REV) a pou vin gen yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan ak pi abòdab. Mwen fyè pou m te patisipe nan plan sa a pou asire Pòtoriko pral benefisye de eksperyans ak konesans New York pandan n ap ede tèritwa Ameriken an rekonstwi rezo li a.”

“Gouvènè Cuomo konprann depi byen bonè ke li ta pral nesesè pou yo non sèlman rekonstwi rezo elektrik Pòtoriko a pou retabli sèvis elektrik yo pou pèp Pòtoriko a, men tou pou yo devlope yon plan pou sèvi rezo elektrik Pòtoriko a alavni”, **Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Jeneral NYPA, te deklare.** “NYPA, ak kolaboratè nou yo ki nan gwoup travay Gouvènè a, vle sezi opòtinite sa a pou yo transfòme ak ranfòse sistèm elektrik Pòtoriko a pou asire dega katastwofik sa a pa repete ankò.”

Gwoup k ap Travay sou Rezistans Enèji Pòtoriko a, ki te mete plan sa sou pye avèk asistans Navigant Consulting, Inc. lan, gen ladan itilite elektrik ak antite lidè nan sektè enèji a yo, ki gen ladan:

- Otorite Elektrik New York la (New York Power Authority, NYPA)
- Otorite Elektrik Pòtoriko a (Puerto Rico Electric Power Authority, PREPA)
- Komisyon sou Enèji Pòtoriko a (Puerto Rico Energy Commission)
- Consolidated Edison (Con Edison)
- Depatman Enèji Etazini an (U.S. Department of Energy, DOE)
- Edison International
- Enstiti Rechèch sou Kouran Elektrik la (Electric Power Research Institute, EPRI)
- Otorite Elektrik Long Island lan (Long Island Power Authority, LIPA)
- Alyans pou Kouran Elektrik Entèlijan an (Smart Electric Power Alliance, SEPA)
- Laboratwa Nasyonal Brookhaven lan (Brookhaven National Laboratory, BNL)
- Laboratwa Nasyonal pou Enèji Renouvlab la (National Renewable Energy Laboratory, NREL)
- Konsòsyòm Laboratwa pou Modènizasyon Rezo a (Grid Modernization Lab Consortium, GMLC)
- Laboratwa Nasyonal Rejyon Nòdwès Pasifik la (Pacific Northwest National Laboratory, PNNL)

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418